

Dediktib Siklòn

Dediktib ou pou Siklòn se yon depans ou responsab pou li ki soti nan pòch ou epi li dwe depase anvan pou Citizens peye pou domaj ki kouvri nan kontra asirans ou a. Dediktib pou Siklòn nan an jeneral se yon montan dola ki pi wo pase lòt dediktib kontra asirans yo epi li baze sou yon pousantaj nan Kouvèti A ou a. Kay ki gen limit kouvèti A ki mwens pase \$100,000 ka gen yon montan fiks pou dediktib Siklòn.

Dediktib pou Siklòn yo aplike sou yon baz ane kalandriye (sètadi Janvyè jiska Desanm). Pandan yon sezon ki chaje ak siklòn, y'ap sèlman mande pou ou peye dediktib siklòn ou a yon sèl fwa – menm si ou fè reparasyon nan plizyè tanpèt ki gen non. Rapòte reklamasyon yo epi kenbe fakti pou reparasyon siklòn yo menm si ou pa atenn dediktib ou a nan yon tanpèt. Nenpòt montan ou peye ap aplike nan dediktib Siklòn ou pou ane kalandriye a, sa ki redui pri ou pou nenpòt lòt tanpèt ane sa a.

Yon fwa ou atenn dediktib Siklòn ou, nenpòt lòt pèt siklòn nan menm ane a ap kouvri ak dediktib Tout Lòt Risk nan kontra asirans ou a.

Egzanp Kalkil Dediktib Siklòn yo pou yon Kay Asire pou \$300,000 (Kouvèti A)

Pousantaj	Montan
2%	\$6,000
5%	\$15,000
10%	\$30,000

Pou enfòmasyon anplis sou dediktib Citizens yo, vizite www.citizensfla.com/deductibles.



Need to report a claim?
Contact Citizens First

Report it online via myPolicy at
www.citizensfla.com/mypolicy
24 hours a day, seven days a week
866.411.2742

Scan QR code to
report online



This brochure is for informational purposes. In the event of any inconsistency between this brochure and your insurance policy, the terms of the insurance policy control.

La version en Español esta disponible en
www.citizensfla.com/brochures.

Vèsyon kreyòl ayisyen an disponib sou Entènèt
www.citizensfla.com/brochures.




Citizens Property Insurance Corporation
866.411.2742

www.citizensfla.com

10/23

Kouvèti Siklòn: Sa Ou Dwe Konnen



Èske M' Kouvri?

Estrikti detache pèmanan

Yo ka kouvri si ou te achte Kouvèti B nan kontra asirans ou a

Twati/domaj estriktirèl

Kouvri nan pifò sikonstans

Lantouraj ouvè

(tuil, aliminyòm, vit, elatriye)

Anjeneral pa kouvri

Kloti

Kouvri depann de tip pèt la

Depans otèl

Kouvri nan Depans Sibsistans Sipleman tè oswa Otorite Sivil

Vòl

Kouvri sof si kay la vid. Kanbriyolaj oswa vòl apre yon tanpèt se yon pèt apa.

Retire pyebwa

Kouvèti si yon pyebwa tonbe epi li andomaje kay ou a ak/oswa lòt estrikti ki asire:

Kouvri jiska \$500 (Kontra asirans pwopriyete kay ki bay kouvèti plizyè risk)

Kouvri jiska \$1,000 (Kontra asirans pwopriyete kay ki bay kouvèti sèlman pou Siklòn ak Van Sèlman)

Remak: Tout kouvèti asirans yo, sof si li endike otreman nan kontra asirans ou, depann de dediktib ou. Kouvèti pou estrikti detache (Kouvèti B) ak pwopriyete pèsonèl (Kouvèti C) se si ou vle; kouvèti an disponib sèlman si ou achte li. Kèk kouvèti pa disponib nan kèk tip kontra asirans. Kondisyon ak limit kontra asirans aplike. Ale nan kontra asirans ou a pou jwenn enfòmasyon byen presi sou kouvèti w' la. Kontakte ajan w' la pou nenpòt kesyon.